Yàlla daa bëgg ñu def limu yombal, kem ni mu bëgge ñu def mbir yimu dogu

Jële na ñu ci Ibn Abbaas -yal na leen Yàlla dollee gërëm- mu wax ne: Yónente Yàlla bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- nee na: «Yàlla daa bëgg ñu def limu yombal, kem ni mu bëgge ñu def mbir yimu dogu».

[Wér na] [Ibnu Hibbaan soloo na ko]

Leerarug hdiisbi: Yónente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- da ñuy xamal ne: Yàlla daa bëgg ñu def ay yombalam yi mu yoonal, ci woyofal àtte yi ak jaamu yi, ak yombalal ko mukallaf mi ngir ngànt -niki wàññi julli ak boole ko cib tukki-, Kem nimu bëgge ñu def ay dogoom, ci bir yu war yi; ndaxte ndigalul Yàlla ci yombal yi ak ci dogu yi benn la.

http://www.sunnah.global/hadeeth/wo/show/65017